Tsigira Kunamata Kwechokwadi (Chikamu 1)

Nyaya iyi inobva muchitsauko 16 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?* rinowanika pajw.org.

CHINANGWA: Ongorora zvaunotenda uye kuti nei uchizvitenda, uye ongororawo kuti Bhaibheri rinodzidzisei, woona kuti ungatsanangurira sei vamwe zvaunotenda.



ZVINOREVEI KUTSIGIRA KUNAMATA KWECHOKWADI?

1 ONGORORA ZVAUNOTENDA

Vamwe vanhu vangatii?

Ko *iwe* unoti kudii?

Nei uchidaro?

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

2 ONGORORA ZVINODZIDZISWA NEBHAIBHERI

Kutsigira kunamata kwechokwadi kunosanganisira kuzvipira zvakazara kuna Jehovha.
(Ona ndima 1-5 dzechitsauko 16 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?*)

Verenga Eksodho 20:4, 5 uye 1 Johani 5:21.
Mavhesi aya anoratidza sei maonero aMwari panyaya yekushandisa mifananidzo pakunamata?

Verenga Dheuteronomio 18:10-12.
Mavhesi aya anoratidza sei maonero anoita Mwari kunamata madzitateguru, uko kunoreva kuita zvemidzimu?



Kana usingazodyi suwiti inenge yanhongwa pane tsvina, ndipo paungazoda kupemberera mazororo akabva muchihedheni here?

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

Kutsigira kunamata kwechokwadi kunosanganisira kusiyana nemhemberero dzisingadiwi naJehovha.

(Ona ndima 6-12 dzechitsauko 16 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?*)

Verenga Genesisi 40:20 uye Mako 6:21.

Nei zvichikosha kuziva kuti mhemberero mbiri chete dzemazuva ekuberekwa dzinotaurwa muBhaibheri ndedzevanhu vakanga vasinganamati Jehovha?

Verenga Isaya 52:11 uye VaEfeso 5:10.

Nei zvichikosha kuziva kwakabva mazororo echitendero?

Nei wakatsunga kutsigira kunamata kwechokwadi?

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

3 TSANANGURIRA VAMWE ZVAUNOTENDA

KANA MUMWE MUNHU AKATI . . .

Handinamati **zvidhori; asi zvinongondibatsira kuti ndinzwe ndiri pedyo naMwari pandinonyengetera.**

UNGANGOMUTI . . .

Ndafara kunzwa kuti unoda kuswedera pedyo naMwari uchinyengetera. Asi kushandisa mifananidzo yava imwewo nyaya, nekuti . . .

_____

_____

Ungamuverengera vhesi ipi?

_____

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwisise nyaya yacho?

_____

KANA MUMWE MUNHU AKATI . . .

Mazuva ano hapana munhu anopemberera mazuva ekuberekwa nemazororo nekuda kwezvikonzero zvechihedheni; asi mazuva aya anongoita kuti uwane nguva yekumbovawo nemhuri yako.

UNGANGOMUTI . . .

Zvinokosha chaizvo kumbowana nguva yekuva nemhuri. Asi ini ndinoti zvinokosha kufunga nezvekwakabva mhemberero nekuti . . .

_____

_____

Ungamuverengera vhesi ipi?

_____

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwisise nyaya yacho?

_____

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania